

PENILAIAN SUMATIF AKHIR SEMESTER GASAL
SDN SAWAH BESAR 02
Tahun Ajaran 2024/2025



PENGETAHUAN

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : V (Lima)
Hari, Tanggal :
Waktu : 90 menit



A. Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c, utawa d ing sangarepe wangsulan kang trep!

1. Paraga wayang iku gegambarane manungsa.
Mula saka iku watak-watake uga gegambaran watake manungsa. Dene paraga sing duwe watak sumeh, seneng ngangsu kawruh, lan jujur yaiku

- a. Semar
- b. Gareng
- c. Petruk
- d. Bagong

2. Satriya Pandhawa sing duweni kaprigelan olah jemparing yaiku

- a. Bima
- b. Puntadewa
- c. Nakula
- d. Arjuna

3. Dewi Kunthi iku garwane

- a. Pandhu Dewanata
- b. Bima
- c. Yudhistira
- d. Drestarata

4. Gatekna gambar wayang ing ngisor iki!



Punakawan iku arane

- a. Semar
- b. Gareng
- c. Bagong
- d. Petruk

5. Kadang Pandhawa sing dedege gedhe dhuwur yaiku

- a. Werkudara
- b. Gathotkaca
- c. Baladewa
- d. Janaka

6. Papan dununge para dewa arane

- a. Kurusetra
- b. Dwarawati
- c. Krendawahana
- d. kahyangan

7. Bambang Lengkung iku putrane

- a. Semar
- b. Petruk
- c. Gareng

- d. Bagong
- 8. Dewi Pradapa iku garwane
 - a. Pandhu Dewanata
 - b. Yudhistira
 - c. Werkudara
 - d. Sadewa
- 9. Dewi Srengginiwati iku garwane
 - a. Sadewa
 - b. Puntadewa
 - c. Nakula
 - d. Arjuna
- 10. Dewi Sembadra kuwi garwane
 - a. Bima
 - b. Arjuna
 - c. Nakula
 - d. Sadewa
- 11. Garwane Werkudara yaiku
 - a. Dewi Soka
 - b. Dewi Sembadra
 - c. Dewi Arimbi
 - d. Dewi Kunthi
- 12. Raden Subekti kuwi putrane
 - a. Sadewa
 - b. Nakula
 - c. Puntadewa
 - d. Arjuna
- 13. Ibune Semar yaiku
 - a. Dewi Drupadi
 - b. Dewi Wiranti
 - c. Dewi Kunthi
 - d. Dewi Shakuntala
- 14. Putrane Sadewa lan Dewi Srenggini wati yaiku
 - a. Raden Subekti
 - b. Dewakusuma
 - c. Bambang Sidapaksa
 - d. Raden Gathotkaca
- 15. Gatekna gambar ing ngisor iki!



- Paraga kasebut duwe pusaka
- a. Gada Rujakpolo
 - b. Jimat Kalimasada
 - c. Panah Pasopati
 - d. Keris Pulanggeni
16. Gatekna paragraf ing ngisor iki!

Lumrah manungsa iku duwe pepenginan sing apik. Ora ana manungsa sing kepengin nemu kedadeyan sing ala. Mula, banjur ana tembung beja lan cilaka. Yen bisa nemoni kedadeyan sing nyenengake iku sinebut beja. Dene yen nemoni kedadeyan ora nyenengake adate banjur diarani cilaka.

- Wacan kasebut klebu tuladha paragraf
- a. induktif

- b. deduktif
 - c. deskripsi
 - d. ineratif
17. Gegayutan winantara ukara ing sajroning wacana diarani
- a. kohesi
 - b. lelewaning basa
 - c. paragraf
 - d. koherensi
18. Nulis deskripsi babagan barang iku sing ditulis
- a. sapa sing gawe lan ing ngendi gawene
 - b. pangajak migunakake barang kasebut
 - c. jenenge barang, wujud, lan wernane
 - d. tegese jeneng lan carane nggawe
19. Paragraf kang tembung intine ana ing ngarep lan pungkasan para graf diarani paragraf
- a. deduktif
 - b. induktif
 - c. ineratif
 - d. deduktif-induktif
20. Sarate paragraf kang becik kudu duweni kohesi, kang tegese
- a. kabeh ukara nyengkuyung topik
 - b. duweni ukara-ukara kang nyawiji jumbuh saka wujud
 - c. ora nyambung siji lan sijine
 - d. ukara poko kudu mapan ing ngarep

Teks ing ngisor iki kanggo pitakonan angka 21–25!

Udan Salah Mangsa

Sore kang satemene padhang tanpa mendhung, ujug-ujug udan tumiba. Saking derese udan ndayani kalen padha mbludag, banyune ing lemah mili banter lan saya dhuwur, nuwuhake rasa sumelang lan kabeh padha maspadakake tekane banjir. Udan sore iki pancen ngedab-edabi. Swara banyu udan kang nabrak gendheng pating krutuk. Dene nalika banyu udan tumiba ing lemah nuwuhake ganda kang ingaran ampu utawa ing tembung basa Indonesia ingaran *petrikor*.

Kabeh kaya-kaya durung kulina ngadhepi udan, ana sing ngalor ngidul bingung nggoleki anak-anake, bengak-bengok nyeluki jenenge anake supaya mulih. Akeh uga kang kemrungung nglebokake pit, montor, utawa memehan. Sebageyan ana kang lagi jagongan karo tanggane dumadakan bubar ketungka udan, lan liya-liya kahanan. Nanging satemene pinangka warga ing nagara sing duweni mangsa udan kaya negara Indonesia iki mesthine sing jenenge udan iku dudu kahanan kang ora lumrah. Nanging iku yen jumbuh kalawan mangsane. Tegese udan tumiba ing wayah udan. Lha gendheng udane tumiba nalika durung mangsane iku kang agawe gayeng kahanan.

Ketaman ing udan pancen ana sing nggresula lan uga ana sing muring-muring utawa kuciwa amarga murungake maneka kagiyatan sing wus diarep-arep bakal ditindakake. Ana sing wus kebacut macak ayu saperlu arep plesir ing *mall*, ana uga sing dandan mlitit arep rapat karang taruna. Nanging satemene udan iku wujud rejeki saka Gusti Inggang Mahawelas marang kita. Mulae nalika kita diparingi udan mbuh kepriye wae kahanane wajib tumrap kita ngegungake panuwun marang Gusti Inggang Mahawelas.

21. Udan salah mangsa iku tegese
- a. udan kang tumiba ora ing mangsa udan
 - b. udan kang tumiba tanpa didhisiki mendhung
 - c. udan kang tumiba ing wayah awan
 - d. udan kang tumiba ing mangsa rendheng
22. *Petrikor* iku tegese ganda kang dituwuhake saka banyu udan kang tumiba ing
- a. wit-witan
 - b. gendheng
 - c. kali
 - d. lemah

23. Nalika udan deres akeh kang maspadakake tekane
 - a. angin
 - b. banjir
 - c. lelara
 - d. bledheg
24. Sikap kang becik nalika udan tumiba yaiku
 - a. nggresula
 - b. muring-muring
 - c. ngucap sokur marang Gusti
 - d. udan-udan
25. Udan iku satemene pinangka
 - a. rejeki
 - b. prahara
 - c. pacoban
 - d. piweleh

Teks ing ngisor iki kanggo pitakonan angka 26–30!

Blumbang ing mburi omahku pancen nyengsemake. Kinupengan tetanduran maneka warna sing padha lagi mekar kembang. Jerone sameter seprapat. Ing njerone blumbang dicemplungi wit enceng gondhok. Blumbang ing mburi omah dianggo ngingu iwak grameh. Kajaba ngiras kanggo pakan grameh, godhong enceng gondhok kang ijo-ijo royo-royo. Kena kanggo ngiyup iwak. Ngingu grameh pancen butuh wektu suwe. Amarga saka kamurahane Gusti Kang Murbeng Dumadi, asile uga kena dijagakake.

26. Ide pokok paragraf ing dhuwur yaiku
 - a. Blumbang ing mburi omahku pancen nyengsemake.
 - b. Amarga ana kamurahane Gusti asile uga kena dijagakake.
 - c. Ngingu grameh pancen butuh wektu suwe.
 - d. Blumbang omahku.
27. Sameter seprapat iku padha karo
 - a. sameter dipara papat
 - b. patang meter
 - c. sameter kurang selawe senti
 - d. sameter punjul selawe senti
28. Tembung *blumbang* iku tegese
 - a. latar amba ing buri omah
 - b. jugangan gedhe isi banyu
 - c. papan kanggo ngingu iwak
 - d. kolam kanggo nandur enceng gondhok
29. Tembung *suwe* iku basa kramane
 - a. dangu
 - b. dalu
 - c. sekedhap
 - d. kathah
30. *Ulam* iku basa krama saka
 - a. blumbang
 - b. layang
 - c. iwak
 - d. wara-wara

B. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulane kang trep!

1. Anak angkate Semar sing pambarep arane
2. Pinten lan Tripala iku jeneng liyane Raden
3. Satriya panengahe Pandhawa yaiku Raden
4. Anak angkate Semar sing wuragil yaiku
5. Pandhawa sing jejuluk Ajathasatru yaiku
6. Karangan deskripsi kang carane nggambarake objek kang ditulis wis ditambahi pangreka-

rekane pangripta yaiku

7. Miturut jinise karangan wujud gancaran jinise yaiku narasi, deskripsi, argumentasi, eksposisi, lan

8. Gatekna tuladha irah-irahan ing ngisor iki!

“Prabedan Wujude Omah Limasan lan Joglo”

Irah-irahan kasebut trep kanggo karangan jinis

9. Maca iku jinise ana loro yaiku maca nyuwara lan maca ing

10. Maca kanthi jembar iku arane maca

C. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep lan bener!

1. Sapa asmane garwane lan putrane Petruk?

2. Sapa bae jeneng-jenenge Punakawan iku?

3. Sebutna asmane garwane lan putrane Prabu Puntadewa!

4. Sebutna jeneng-jenenge Pandhawaurut saka sing pambarep!

5. Apa bae gamane Raden Werkudara iku? Sebutna!